PUSAT KEGIATAN BELAJAR MASYARAKAT (PKBM)
PERMATA ABADI
KECAMATAN KARANGLEWAS KABUPATEN BANYUMAS
Alamat: *Jl. Desa Tamansari RT.04 RW.04, Karanglewas | No. HP. 082138190155*
Email: pkbmpermataabadi19@gmail.com | Website: www.pkbmpermataabadi.com

ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL
PENDIDIKAN KESETARAAN PAKET C
TAHUN PELAJARAN 2025 / 2026

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : XII (Duabelas)
Hari, Tanggal : .....
Waktu : .....

PETUNJUK

1. Tulislah namamu pada lembar jawab yang sudah disediakan!
2. Bacalah setiap soal dengan teliti!
3. Kerjakan lebih dulu soal yang kamu anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaanmu sebelum kamu serahkan kepada Bapak atau Ibu Guru!

Wenehana tandha ping (X) ing wangsulan A, B, C, D, atau E!

Tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli nomer 1 lan 2!

Kinanthi

Mangka kantining tumuwuh,
Salami mung awas eling,
Eling lukitaning alam,
Dadi wiryaning dumadi,
Supadi nir ing sangsaya,
Yeku pangreksaning urip.

1. Tembang ing dhuwur guru lagu lan guru wilangane yaiku....
   a. 8a, 8i, 8u, 8e, 8o, 8i
   b. 8i, 8u, 8e, 8o, 8a, 8i
   c. 8u, 8a, 8i, 8u, 8a, 8i
   d. 8i, 8a, 8e, 8a, 8u, 8a
   e. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

2. Saka tembang ing dhuwur piwulang luhur paling trep yaiku....
   a. Kudu eling lan waspada marang kahanan alam donya.
   b. Kudu tansah eling lan waspada marang kahanan supaya ora sengsara.
   c. Kudu tansah eling lan waspada marang kahanan alam donya supaya bisa uwal saka kasengsaran.
   d. Kudu tansah eling lan waspada marang kahanan alam donya supaya bisa luput saka kasengsaran lan manungsa kudu uga njaga lestarine alam.
   e. Kudu tansah eling lan waspada marang kahanan alam donya supaya bisa luput saka kasengsaran merga ngana iku carane nglakoni urip ing alam donya

3. Gathekna tembang ing ngisor iki!
   Mangkono ingkang tinamtu,
   Tampa nugrahaning Widhi,
   Marma ta kulup den bisa,
   Mbusuki ujaring janmi,
   Pakoleh lair batine,
   Iyeku budi premati.

Dipindai dengan CamScanner

Saka tembang ing dhuwur, gatra kang ngandaharake menawi urip kuwi kudu oleh rahmating Gusti yaiku....

a. 1
b. 2
c. 3
d. 4
e. 5

4. Tembung Kinanthi asale saka tembung kanthi kang tegese dituntun. Dituntun dening Gusti Ingkang Maha Agung, ing pangajab bisa dadi manungsa sejati, kang duweni ancas (tujuan)....
   a. Dikanthi-kanthi supaya dadi manugsa sejati bisa nggayuh kabecikan lan kamulyan.
   b. Ajaran tumrap nggayuh kabecikan-kabecikan, nyingkiri hawa nepsu tumeka ing kamulyan.
   c. Ngasah rasa supaya bisa nyingkirake hawa nepsu supaya dadi manungsa sing luhur udine
   d. Ngilangake ras iri drengki, lan srei, ora ngganggu wong liya, lan ora numplekake hawa nepsu.
   e. Tansah waspada marang bebaya, mawas diri, tansah ngilangake rangu-rangu supaya mantep anggone lumaku tumrap dalane kabecikan.

5. Gathekna tembang ing ngisor iki!
   Ananging ta kudu-kudu,
   Akadarira pribadi,
   Aywa tinggal tetuladhan,
   Lamun tan mangkono kaki,
   Yekti tuna ing tumitah,
   Poma kaestokna kaki.
   Sapada tembang kinanthi ing dhuwur mengku teges kang gembleng....
   a. Ayo ninggalake tetuladhan
   b. Ayo padha manut tuladhane
   c. Ngestokna saksdare tumitah
   d. Ngestokna, yen ora mesthi tuna
   e. Nulada saksdare pribadine dhewe

6. Gathekna tembang ing ngisor iki!
   Meloke yen arsa muluk,
   Muluk ujare lir wali,
   Wola-wali nora nyata,
   Anggepe pandhita luwih,
   Kaluwihane tan ana,
   Kabeh tandah-tandha sepi.
   Melokake yen arsa muluk yen ditegesi basa indonesia kang bener yaiku....
   a. Tidak terbukti adanya kelebihan
   b. Baru kelihatan saat ingin terkenal
   c. Merasa diri seperti pendeta terkenal
   d. Ucapannya muluk-muluk seperti wali
   e. Berulang-ulang tanpa pernah terbukti

7. Saka tembang ing soal nomer 6, ukara "wola-wali nora nyatane" menawa ditegesi ing basa Indonesia kang trep yaiku....
   a. Tidak terbukti adanya kelebihan
   b. Baru kelihatan saat ingin terkenal
   c. Merasa diri seperti pendeta terkenal
   d. Ucapannya muluk-muluk seperti wali
   e. Berulang-ulang tanpa pernah terbukti

8. Tembang kinanthi kuwi duweni paugeran, kayata guru gatra, guru lagu lan guru wilangan. Saka katrangan ing ngisor iki paugeran kang bener yaiku....
   a. Guru lagu lan guru wilangane gatra sepisan iku 8i
   b. Guru lagu lan guru wilangane gatra kapindho iku 8di
   c. Guru lagu lan guru wilangane gatra katelu yaiku 8i
   d. Guru lagu lan guru wilangane gatra kapapat iku 8i
   e. Guru lagu lan guru wilangane gatra kalima iku 8i

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 9 lan 10!

Kalabendu
(Dening : Yono Hs)

Taksengguh kala bathara wus lebur
Kisas karo Bathara Wisnu duk ing nguni
Nanging tibake ko ora
Abad nuklir lan globalisasi kok ya kaya-kaya
Anake kalabendu
Jalaran sajake dhengah uwong durung siap mecak

Dipindai dengan CamScanner

yen wus siaga ngana ya no problem
Balik sing durung ko ya kaga gantine kalabendu
Apa jangkane kalatidha thukul meneh
Mandi tenan sabdane R. Ng. Ronggowarsito
kapan-kapan wae kalabendu bisa thukul maneh
Anggere titah nora waspada
lan mung nuruti hawa.

9. Geguritan ing dhuwur temane yaiku....
   a. Seni
   b. Pitutur
   c. Politik
   d. Budaya
   e. Ekonomi

10. "Taksengguh kala bathara wus lebur". Tembung Bathara duweni teges....
   a. Seta
   b. Dewa
   c. Jalma
   d. Widodari
   e. Manungsa

11. Gatekna cuplikan geguritan iki!
   Panase surya tan rinasa
   Kesele awak tan ginubris
   Kang diesti among makarya
   Oleh karya
   Kanggo putra
   Isi pethikan geguritan iku ngemu rasa...
   a. Jengkel nalika nyambut gawe ing ngalas
   b. Kangen marang wong kang nyambut gawe makantar-kantar
   c. Sabar, nalika nyambut gawe kanggo keluarga
   d. Ora trima amarga dadi wong kakeyan gawean
   e. Semangat nyambut gawe kang

12. eklasna aku lunga biyung
   sanadyan ing dhuwur langite katon mendhung
   eklasna aku lunga
   lungaku sangu ati lapis waja
   .....
   Isine geguritan ing dhuwur yaiku....
   a. Bocah enom kang bingung arep lunga
   b. Pamit arep golek pakaryan ing adoh
   c. Wis ora kuwat maneh amarga lara
   d. Rasa sedhih ninggalake wong tua
   e. Pamit arep budhal sekolah

13. raga iki kebak ikhtiyar
   kanthi sukma sumarah
   mantep ngudi lan mangsuli
   wis dhik
   kabeh utange sesuk disaur
   kabeh panandhang dilebur
   .....
   Cuplikan geguritan iku ngemu rasa pangrasa...
   a. Bungah
   b. Nelangsa
   c. Tanpa rasa
   d. Tanpa daya
   e. Suka gembira

14. Ibu
   Maturnuwun ibu....
   Kanthi agunging jasamu
   aku dadi manungsa satuhu
   Nyawang gumelar langit biru
   Saka geguritan ing dhuwur nuduhake sudut pandang/ punjering crita wong....
   a. Kapisan
   b. Kapindho
   c. Katelu
   d. Kapapat
   e. Kalima

Dipindai dengan CamScanner

15. Nalika arep maca geguritan kudu nggatekake solah bawa, ekspresi lan jiwane geguritan, upamane isine geguritan iku sedhih, pasuryane ya kudu katon nelangsa, supaya sing mirengake melu sedhih. Eskpresi iku ana rong bagean yaiku gestur lan mimik, kang dikarepke gestur kuwi kang kepriye....
    a. Obahing awak manut swasana sing dikarepake geguritan
    b. Sesambungan karo kedaling lesan, tata pangaturing napas
    c. Polatan rai jumbuh karo rasa kang dikarepake geguritan
    d. Pangucaping kudu trep miturut unggah-ungguh
    e. Bisa ngrasake apa isine geguritan kang diwaca

16. Tikus-Tikus
    Tikus-tikus ing omahku, slutha-sluthu
    ora duwe sungkan, awan-awan
    ngrikiti cikal ndhuwur daringan
    Tikus-tikus ing kantoran, pencilakan
    angon mangsa mbukaki lemari, laci
    meja ora kari dadi sasaran, wewatekan
    mentalan mbalung sungsum nganti saiki.
    Isine geguritan ing dhuwur yaiku....
    a. Wong-wong kang nggoleki mangsa ing meja lan laci
    b. Wong-wong kang pada pencilakan ing kantor
    c. Wong-wong kang pada mbukak lemari
    d. Wong-wong kang pada korupsi
    e. Wong-wong kang pada nyolong

17. 
    Gambar ing dhuwur mujudake salah sijine busana adat Jawa, kang diarani....
    a. Beskap
    b. Surjan
    c. Kebaya
    d. Pangsi
    e. Bathik

18. Beskap mujudake salah sijine busana adat Jawa. Beskap biasane dianggo nalika acara-acara tartamu. salah sijine acara nikahan. Ing ngisor iki pelengkap saka busana beskap kang trep yaiku....
    a. Nyamping, stagen, epek, keris, duwung, selop lan blangkon
    b. Nyamping, stagen, sabuk, epek, keris, selop lan blangkon
    c. Nyamping, sabuk, epek, keris, selop lan blangkon
    d. Nyamping, sinjang, stagen, epek, keris, lan selop
    e. Nyamping, stagen, sabuk, epek, lan selop

19. "Busana bathik mujudake warisan budaya adiluhung Indonesia kang wis kondhang ing maca negara. apa maneh sawise bathik ditetepake minangka Warisan Dunia (The World Heritage) dening UNESCO. Ing tlatah Yogyakarta, Surakarta, Pekalongan, lan Cirebon, bisa ditemoni pangrajin bathik." Saka pethilan wacan ing dhuwur pokok isi kang trep yaiku....
    a. Busana bathik mujudake warisan budaya adiluhung Indonesia.
    b. Bathik ditetepake minangka Warisan Dunia (The World Heritage) dening UNESCO
    c. Ing tlatah Yogyakarta, Surakarta, Pekalongan, lan Cirebon, bis aditemoni pangrajin bathik
    d. Busana bathik mujudake warisan budaya adiluhung Indonesia kang wis kondhang ing maca negara.
    e. Busana bathik mujudake warisan budaya adiluhung Indonesia minangka Warisan Dunia (The World Heritage) dening UNESCO.

20. Bathik jaman biyen mujudake barang kang aji, mula mung dienggo dening para priyayi (trahing luhur/ningrat). Bab iku amarga mung para priyayi kang bisa tuku, amarga regane larang. Bathik kang mung diagem dening para satriya, raja, lan putra-putrane yaiku bathik motif....
    a. Cemungkiran
    b. Udan riris
    c. Kawung
    d. Tuntrum
    e. Parang




Dipindai dengan CamScanner

21. Gathekna data ing ngisor iki!
1. Fakta sing dienggo minangka alat kontribusi
2. Nyritakake lan njelasake ciri-ciri fisik objek, kaya warnane, utawa ciri-ciri fisikipun
3. Crita ing njero nyritakake, nggambarake, lan njelasake samubarang
4. Paragrape kaya bisa dirasakake anggo indera
5. Mbudidaya kanggo njlentrehake sawijining bab
6. Gaya tulisan asipat informatif



Saka data ing dhuwur kang kalebu ciri-ciri teks deskripsi yaiku....

a. 1, 2, 3
b. 2, 3, 4
c. 3, 4, 5
d. 4, 5, 6
e. 5, 6, 1

22. Bathik motif kawung/ ceplok duweni teges minangka pralambang 4 tenaga alam. Sisih wetan mingka lambang sumber tenaga urip (jumedhule srengenge), kulon mingka lambang sirnane kabegjan, kidul minangka lambang pucuke panguwasa, dene sisih lor minangka tandha pralaya/ gugur. Gambar ing ngisor iki kang nuduhake gambar motif kawung/ceplok yaiku....

a. 
b. 
c. 
d. 
e. 

23. Corak bathik ana kang nandakake tanduran rambat kang duwe teges semi utawa urip minangka lambang kasuburan, kemakmuran lan jagad saisine. Gambar ing ngisor iki kang nuduhake corak bathik miturut keterangan ing dhuwur yaiku....

a. 
b. 
c. 
d. 
e. 

24. "Namung trahing ngaluhur ingkang kaperang ngagem bathik". Tembung trah tegese padha karo tembung....

a. Abdi
b. Sentana
c. Keturunan
d. Punggawa
e. Pamomong

Wacan ing ngisor gawe mangsulan pitakon nomer 25 lan 26!

Mahasiswa Cina Nabuh Gamelan Indonesia

Antarane 20 mahasiswa etnomusikologi Pusat Konservatorium Musik (Central Conservatory of Music/CCOM) Beijing, padha nabuh gamelan Indonesia ing Festival Beijing, Selasa (21/5). Sing luwih narik kawigaten, nalika para mahasiswa saka Cina iku padha nabuh gamelan, busana sing dinggo yaiku kebaya lan bathik tulis asli saka Indonesia.

Dipindai dengan CamScanner

Ing pertunjukane kang kaping 20 mahasiswa Cina iku ngiringi patang lagu, loro ing antarane yaiku langgam, tradisional saka Indonesia, sing salagu karyane dosen ISI Surakarta lan salagu maneh karyane Direktur Departemen Musikologi CCOM Prof An Ping.

25. Mahasiswa Cina iku nabuh gamelan Indonesia ing acara...
    a. Pentas Seni CCOM
    b. Pagelaran Musik ISI
    c. Festival Musik CCOM
    d. Festival Musik Beijing
    e. Pegelaran Wayang Kulit ISI

26. Sing narik kawigaten nalika mahasiswa Cina iku nabuh gamelan yaiku....
    a. Bisa lancar nggawakake gendhing Jawa.
    b. Nggawakake lagu karyane dosen ISI Surakarta.
    c. Gendhing sing digawakake iku gendhing kang anyar lan endah
    d. Busana sing dienggo yaiku bathik tulis Indonesia lan Kebaya.
    e. Amarga bisa prigel nabuh gamelan kamangka mung latian rong sasi.

27. 
Gambar ing dhuwur mujudake salah sijine piranti gamelan kang diarani....
    a. Saron
    b. Bonang
    c. Kenong
    d. Kempul
    e. Gambang



28. Gambar ing dhuwur digawe saka lempengan emas kang kasusun ana ing kayu, kang diarani....
    a. Saron
    b. Bonang
    c. Kenong
    d. Kempul
    e. Gambang

29. Gathekna data ing ngisor iki!
    1. Kanggo mimpin lan ngarahke musik gamelan
    2. Kanggo mbukaki gendhing lan nuntun alur gendhing
    3. Aksen-aksen alur lagu lan gendhing dadi ukara kang cendhek
    4. Kanggo mbukak lan mungkasi acara
    5. Kanggo nambah swara-swara ing melodi

    Saka data ing dhuwur kang mujudake fungsi saka gong yaiku....
    a. Kanggo mbukak lan mungkasi acara
    b. Kanggo nambah swara-swara ing melodi
    c. Kanggo mimpin lan ngarahke musik gamelan
    d. Kanggo mbukaki gendhing lan nuntun alur gendhing
    e. Aksen-aksen alur lagu lan gendhing dadi ukara kang cendhek


30. "Gamelan utawa gangsa mujudake salah sijine kagunan (seni) tumrape wong Jawa. Gamelan dumadi saka pirang-pirang rericikan pentatonis kang awujud wilahan, pencon, kebukan, lan kang mawa kawat. Menawa ditabuh, swarane nengsemake banget. Gamela iku musik orkestrane wong Jawa. Ricikan gamelan kang maneka warna menawa ditabuh kanthi bener, bisa nuwuhake laras kang kepenak dirungu". Ukara baku saka pethilan wacan kasebut yaiku....
    a. Gamelen utawa gangsa mujudake salah sijine kagunan (seni) tumrape wong Jawa.
    b. Menawa ditabuh, swarane nengsemake banget. Gamela iku musik orkestrane wong Jawa.
    c. Ricikan gamelan kang maneka warna menawa ditabuh kanthi bener, bisa nuwuhake laras kang kepenak dirungu.
    d. Gamelan dumadi saka pirang-pirang rericikan pentatonis kang awujud wilahan, pencon, kebukan, lan kang mawa kawat.
    e. Gamelan dumadi saka pirang-pirang rericikan pentatonis kang awujud wilahan, pencon, kebukan, menawa ditabuh, swarane nengsemake banget.

Dipindai dengan CamScanner

31. Gathekna data ing ngisor iki!
1. Kendhang 4. Gitar
2. Keybord 5. Kempul
3. Kethuk 6. Kenong
Ing ngisor iki kang kalebu ricikane gamelan yaiku....
a. 1, 2, 3 d. 4, 5, 6
b. 2, 3, 4 e. 5, 6, 1
c. 3, 4, 5

32. Gamelan biasane kanggo ngiringi tarian, utawa seni pertunjukan kayata wayang kulit lan kethoprak. Gamelan biyasane kanggo ngiringi swara penyanyi Jawa. Nalika nuthuk gendhing kudu tansah nggatekake....
a. Laras d. Titiswara
b. Wirama e. Titisastra
c. Titilaras

Ukara ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 33 lan 34!



33. Jenenge penulis kang ana ing ukara kasebut yaiku....
a. Inah Puspita d. Imah Puspitasari
b. Indah Puspita e. Indah puspitasari
c. Inah Puspitasari

34. Panulis lair ing sasi....
a. Desember d. September
b. Nopember e. Agustus
c. Oktober

35. 

Ukara ig dhuwur menawa diowahi dadi latin yaiku....
a. Bambang Gunawan iku putrane Raden Arjuna
b. Bambang Susanto iku putrane Raden Janaka
c. Bambang Irawan iku putrane Raden Arjuna
d. Bambang Irawan ksatriya saka Alengka
e. Bambang Irawan ksatriya saka Astina

36. 

Ukara ing dhuwur menawa diowahi dadi latin yaiku....
a. Umur-umure isih rolas taun d. Umar umur rolas taun
b. Amir umure isih rolas taun e. Omar umur rolas taun
c. Umar umure rolas taun

37. 

Ukara ing dhuwur menawa diowahi dadi aksara latin yaiku....
a. Aku dolan menyang Amerika d. Aku manggon ing negara Amerika
b. Aku mimpi menyang Amerika e. Aku pengin dolan menyang Amerika
c. Aku piknik menyang Amerika

38. Tembung Usman Ismail ngemot aksara swara cacah loro, yaiku....
a. U lan I d. E lan U
b. A lan U e. I lan O
c. E lan I

Dipindai dengan CamScanner

39. Tembung Salat Idul Fitri menawa diowahi nganggo aksara Jawa kang bener yaiku....
a. ꦱꦭꦠ꧀ ꦆꦢꦸꠀꦈꦥ꧀ ꦥꦶꦠꦽ
b. ꦱꦭꦠ꧀ ꦆꦢꦸꠀꦈꦥ꧀ ꦮꦸꦠꦽ
c. ꦱꦭꦠ꧀ ꦆꦢꦸꠀꦈꦥ꧀ ꦥꦶꦠꦶ
d. ꦱꦭꦠ꧀ ꦆꦢꦸꠀꦈꦥ꧀ ꦥꦶꦠꦽ
e. ꦱꦭꦠ꧀ ꦆꦢꦸꠀꦈꦥ꧀ ꦥꦽꦠꦶ

40. "Ibu kaliyan bapak saweg tindak dhateng Ambarawa". Ukara kasebut menawa diowahi dadi aksara Jawa yaiku....
a. ꦆꦤ꧀ꦠꦺꦴ ꦏꦭꦶꦪꦤ꧀ ꦧꦥꦏ꧀ ꦱꦮꦺꦒ꧀ ꦠꦶꦤ꧀ꦝꦏ꧀ ꦝꦠꦺꦁ ꦄꦩ꧀ꦧꦫꦮ
b. ꦆꦤ꧀ꦠꦺꦴ ꦏꦭꦶꦪꦤ꧀ ꦧꦥꦏ꧀ ꦱꦮꦺꦒ꧀ ꦠꦶꦤ꧀ꦝꦏ꧀ ꦝꦠꦺꦁ ꦄꦩ꧀ꦧꦫꦮ
c. ꦆꦤ꧀ꦠꦺꦴ ꦏꦭꦶꦪꦤ꧀ ꦧꦥꦏ꧀ ꦱꦮꦺꦒ꧀ ꦠꦶꦤ꧀ꦝꦏ꧀ ꦝꦠꦺꦁ ꦄꦩ꧀ꦧꦫꦮ
d. ꦆꦤ꧀ꦠꦺꦴ ꦏꦭꦶꦪꦤ꧀ ꦧꦥꦏ꧀ ꦱꦮꦺꦒ꧀ ꦠꦶꦤ꧀ꦝꦏ꧀ ꦝꦠꦺꦁ ꦄꦩ꧀ꦧꦫꦮ
e. ꦆꦤ꧀ꦠꦺꦴ ꦏꦭꦶꦪꦤ꧀ ꦧꦥꦏ꧀ ꦱꦮꦺꦒ꧀ ꦠꦶꦤ꧀ꦝꦏ꧀ ꦝꦠꦺꦁ ꦄꦩ꧀ꦧꦫꦮ

Wangsulane pitakon ing ngisor iki kanthi trep!

41. Kinanthi
Dene awas tegesipun
weruh warananing urip
miwah wisesaning tunggal
kang atunggil rina wengi
kang mukitan ing sakarsa
gumelar ngalam sakalir
Saka tembang ing dhuwur tentokna isine!

42. Ijazah
(dening : Djajus Pete)
Ijazah telung lembar
ing gegeman
dakrebut meres pikiran lan tenaga
ngoreti bandha
dakumpamake gegeman
ora tedhas kanggo mbukak panguripan
ah,.....
Saka geguritan ing dhuwur tentokna temane lan gawea gancaran (parafrasene)!

43. Jarik yaiku kain kang dienggo wang jawa, fungsine kanggo nutupi awak nganti sikil. Jarik ora mung dianggo dening wanita nanging uga dienggo dening priya. Priya kang nganggo jarik nggambarake priya kang luwes lan fleksibel. Wenehana panemumu ngenani jarik kang nggambarake priya kudu luwes lan fleksibel!

44. Klenengan ing Museum Kanggo Nguripake Gamelan
Museum Radya Pustaka duwe koleksi gamelan kang umure wus atusan taun. Uga duwe wayang kulit tingglane Paku Buwono X. Koleksi kang duwe nilai sejarah dhuwur kuwi ora banjur dienengake, nanging uga bisa digunakake. Gamelan ing museum kaebut dening para siswa Jurusan Karawitan SMKN 8 Solo dadi luwih urip. (kapethik saka Buku paket kaca 56. Trampil Basa)
Pethilan wacan teks eskposisi ing dhuwur owahana dadi krama!

45. Ukara ing ngisor iki owahana dadi aksara latin!
"Ibu ku asmane Ninis Suryayu."

Dipindai dengan CamScanner